

Kisa k ap pase nan lekòl leta Vil Nouyòk

اعرض هذه الوثيقة باللغة العربية | এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন | 查看本文件的中文版 |

Consultez ce document en français | Gade dokiman sa a an kreyòl ayisyen |

이 문서를 한국어로 보기 | Consulte este documento en español |

Перевод документа на русский язык | به دستاورز اردو میں ملاحظہ کریں |

schools.nyc.gov/messagesforfamilies

Semèn 26 jen 2023

Mizajou pou fanmi sa a gen enfòmasyon enpòtan sou kalandriye Depatman edikasyon Vil Nouyòk (DOE) pou ane lekòl k ap vini an, ladan kèk novo chanjman. Anplis, n ap pataje kalandriye yo deja apwouve pou de ane lekòl sa yo: 2024-25 ak 2025-26.

Kalandriye ane lekòl 2023-24

Ane lekòl 2023-24 la pral kòmanse pou elèv **7 septan 2023**. Ou ka wè ak telechaje dokiman kalandriye a ou ka enprime pou ane lekòl 2023-24 okonplè nan plizyè lang nan schools.nyc.gov/calendar. Men kèk enfòmasyon enpòtan pou ane lekòl k ap vini an:

- Nan jou lè biling lekòl yo fèmen akoz move tan oswa lòt sitiyasyon ijans, tout elèv ak fanmi ta dwe planifye pou patisipe nan aprantisaj adistans.
- Dapre lwa eta Nouyòk, pa gen konje jou lasemèn pou jou fèt publik (yo rele tou fèt legal oswa federal) ki tonbe jou samdi; lè jou fèt sa yo tonbe yon dimanch, y ap fete yo nan lendi apre a. Dapre règleman nan lekòl leta Vil Nouyòk, lè fèt ki pa fèt publik tonbe yon wikenn, lekòl yo ap fonksyone jou semèn ki avan an oswa apre fèt sa a.

Men jou fèt ki pa fèt publik Lekòl leta Vil Nouyòk fete: Rosh Hashanah, Yom Kippur, Jou eleksyon, Diwali, jou apre Thanksgiving, Lavèy Nwèl , Lavèy Joudlan, Lunar New Year, Vandredisen, Eid al-Fitr, Passover (premye de jou yo), ak Eid al-Adha.

Ane sa a, lekòl yo ap rete ouvri nan jou lasemèn imedyatman avan oswa apre jou fèt ki pi ba yo, ki tonbe nan wikenn pandan ane lekòl 2023-24 la:

- | | |
|---|-------------------------------------|
| o Rosh Hashanah
(samdi-dimanch, 16-17 septanm) | o Diwali (dimanch 12 novanm) |
| o Fèt Veteran (samdi 11 novanm) | o Lunar New Year (samdi 10 fevriye) |

Tanpri kontakte lekòl ou a si w gen nenpòt kesyon konsènan kalandriye lekòl la.

Pou ede fanmi nou yo ak kominate lekòl nou yo planifye pou lavni, nou kontan pataje kalandriye yo apwouve pou de lòt ane lekòl anplis: ane lekòl 2024-25 ak 2025-26.